

RINGKESAN

Dina Kurikulum 2013 nyaritakeun deui eusi biografi teh nyaeta mangrupakeun kaahlian dina nyarita. Patali jeung babaran nu luhur, panulis tataji keur ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran nyaritakeun deui eusi biografi ngagunakeun media video blog (vlog) pikeun kelas X SMAN 1 Soreang. Masalah anu ku panulis rumuskeun nyaeta: 1) Naha mampu panulis ngarancanakeun, nerapkeun, sarta menteun pangajaran nyaritakeun deui eusi biografi ngagunakeun media video blog (vlog) pikeun kelas X SMAN 1 Soreang?; 2) Kumaha tingkat kamampuan siswa dina nyaritakeun deui eusi biografi saacan aya tindakan?; 3) Kumaha tingkat kamampuan siswa dina nyaritakeun deui eusi biografi sageus aya tindakan?; 4) Naha efektif ngagunakeun media video blog (vlog) pikeun kamampuan nyaritakeun deui eusi biografi sisw di kelas eksperimen. Metode panalungtikan anu ku panulis digunakeun nyaeta metode tipe pre-eksperimen jenis one group pretest posttest design kalawan teknik panalungtikan, percobaan sarta tes. Hasil panalungtikanana nyaeta:

- 1) Panulis bisa ngarancanakeun, nerapkeun, sarta ngajen nyaritakeun deui eusi biografi ngagunakeun media video blog (vlog) pikeun kelas X SMAN 1 Soreang. Hal ieu dumasar kana hasil peunteun rata-rata tina rencana jeung nu dilaksanakeun anu dihasilkeun panulis rata-rata 3,88 hal ieu kaasup kana golongan alus pisan/nyigemakeun (A);
- 2) Murid-murid kelas X SMAN 1 Soreang bisa nyaritakeun deui eusi biografi ngagunakeun media video blog (vlog). Hal ieu dibuktikeun ku hasil rata-rata samemeh diajar nyaeta 61,10 jeung rata-rata hasil saberesna dibikeun pangajaran nyaeta 98,80 kalayan ningkat tina hasil memeh diajarkeun rata-rata 30%;
- 3) Media video blog (vlog) saluyu dipake dina pangajaran pangajaran nyaritakeun deui eusi biografi pikeun murid kelas X SMAN 1 Soreang. Hal ieu dibuktikeun ku pangajen statistik t hitung $\geq t$ tabel nyaeta $21.79 \geq 2.09$ dina tingkatan kapercayaan 95% kalawan saluyu pisan jeung nu dipihareup ku panulis 5% jeung darajat kabebasaan 19.

Dumasar kana bukti-bukti nu aya, panulis nyimpulkeun yen pangajaran media video blog (vlog) efektif dipake dina nyaritakeun deui eusi biografi pikeun murid kelas X SMAN 1 Soreang..

Kecap Konci: Nyaritakeun deui, nyarita, eusi teks bigrafi, Media video blog (vlog).